

Lola al lekòl



Nivo 2

Kreyòl

Lola al lekòl

Kreyòl
Ayiti

Copyright © 2018, NABU.ORG, Marie Christelle Vilpigue



<http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/>

You are free to make commercial use of this work. You may adapt and add to this work. You must keep the copyright and credits for authors, illustrators, etc.

Lola entèlijan anpil, plis pase laj
li, li anvi konnen tout bagay.
Li toujou ap poze kesyon sou sa
li wè ak sa yo rakonte li.



Manman Lola vle voye Lola lekòl
pou Lola aprann plis bagay.
Li enskri Lola lekòl, li fè inifòm
pou Lola.



Lola ale lekòl lendi maten.

Se premye jou li, Lola te kontan.

Manman Lola kontan mennen Lola
lekòl.

Aprè yon semenn, Lola pa kriye
ankò.

Li ap abitye ak kamarad li yo
plis jou aprè jou.



Manman li vin dèyè li, li pa vle
ale.

Chak jou manman vin dèyè li, li
fè sa.

Li vle rete ak kamarad li yo.



Lola renmen pase tan ak kamarad
li yo anpil.
Yo fè anpil jwèt ansanm.



Nan lekòl la, li travay byen.

Lekòl la konn ap obsève

konpòtman li.

Li travay byen, li konprann byen.

Lola renmen lekòl.





USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE

